



**Haitian Creole Edition**  
**Grade 4 Mathematics Test, Book 1**  
**March 3–7, 2008**

**Pwogram Egzamen Leta Nouyòk**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**

Ane **4**

**3–7 mas 2008**



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2008 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

## TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijesyon pou ede ou bay pi bon rannman:

- Asire ou li avèk atansyon tout enstwiksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou chak repons anvan ou chwazi repons ou.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.

## Egzanp A

$$\begin{array}{r} 227 \\ + 14 \\ \hline \end{array}$$

- A 311
- B 241
- C 231
- D 232

## Egzanp B



NYSMA42M153.A2a

NYSMA42M153.A2b

NYSMA42M153.A2c

9/23/97

NYSMA42M153.A2d


9/23/97 ct

9/23/97

Ki nimewo k ap sèvi answit?




A



B



C




D

## Egzanp C



Sèvi ak règ ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.  
Konbyen pous ki nan longè bwòs dan yo montre anba a?



- A  $4\frac{1}{2}$
- B 5
- C  $5\frac{1}{2}$
- D 6

**RETE LA**



**1**


Pandan ane a, elèv yo te prete mil uisan kat liv nan bibliyotèk lekòl la. Ki lòt fason pou ekri nonb sa a?

- A 184
- B 1.084
- C 1.804
- D 1.840

**2**

Sèvi ak règ ou pou ede w rezoud pwoblèm sa a.

Konbyen santimèt gous pwa yo montre anba a mezire nan longè?



- A 8
- B 9
- C 10
- D 11

**3**

Maple Elementary School travay pandan 183 jou lekòl chak ane. Ki jan pou awondi 183 pou rive nan dizèn ki pi pre a?

- A 180
- B 190
- C 200
- D 210

***Kontinye***

4


Kayla dwe li yon liv 80 paj nan 10 jou. Kayla li menm kantite paj chak jou. Konbyen paj Kayla li chak jou?

- A 8
- B 9
- C 70
- D 90

5

Lisa kouvri tèt yon bwat avèk otokolan kare, jan sa endike anba a.

**TÈT BWAT LA**



**LEJANN**

= 1 inite kare

Ki sipèfisi tèt bwat la an inite kare?

- A 32
- B 36
- C 60
- D 80



- 6** Jounal *Medford Star* genyen 8.062 lektè. Ki lòt fason pou ekri nonb sa a?
- A** uisan san swasann de
  - B** uit mil swasann de
  - C** katreven mil swasann de
  - D** uit mil sis san de

- 7** Ki nonb, lè li miltipliye pa nenpòt nonb enpè, ki **toujou** bay rezilta yon nonb pè?
- A** 1
  - B** 5
  - C** 6
  - D** 9

- 8** Madam Lane achte 8 pake bwa pou boule nan founo li. Gen 8 mòso bwa nan chak pake. Konbyen mòso bwa Madam Lane achte antou?
- A** 16
  - B** 48
  - C** 64
  - D** 72

***Kontinye***

**9**

Genyen 8 tab nan Coffee Shop Christy a. Chak tab genyen 6 chèz toutotou li. Konbyen chèz ki genyen toutotou 8 tab yo?

- A 42
- B 48
- C 54
- D 56

**10**

Brian te ekri devinèt ki anba a.

Mwen genyen 5 kote.  
Mwen genyen 5 ang.  
Ki sa mwen ye?

Ki fòm devinèt la dekri?

- A egzagòn
- B oktagòn
- C pentagòn
- D lozanj

**11**

Anna vle verifye si li rezoud fraz matematik ki anba a kòrèkteman.


$$32 \div 8 = 4$$

Ki fraz matematik Anna kapab itilize pou verifye si repons li bay la kòrèk?

- A  $4 \times 8 = \square$
- B  $8 \div 4 = \square$
- C  $4 \times 32 = \square$
- D  $32 \times 8 = \square$

**12**

Yo montre kantite bisiklèt ki nan yon pòt-bisiklèt nan istogram ki anba a.



Dapre enfòmasyon ki nan istogram lan, ki fraz ki kòrèk?

- A** Egzakteman mwatye tout bisiklèt yo gen koulè wouj.
- B** Mwens pase mwatye tout bisiklèt yo gen koulè wouj.
- C** Egzakteman mwatye tout bisiklèt yo gen koulè jòn.
- D** Plis pase mwatye tout bisiklèt yo gen koulè jòn.

**13**

Matthew ap jwe jwèt videyo prefere li epi li genyen 47.675 pwen. Pi gwo pwen li te janm fè pou je videyo sa a se 57.675. Ki diferans ki genyen ant 47.675 ak 57.675?

- A** 10 san
- B** 50 san
- C** 10 mil
- D** 50 mil

***Kontinye***

- 14** Darryl te ekri fraz matematik ki anba a.

$$107 < \underline{\hspace{2cm}}$$

Ki nonb Darryl kapab ekri sou liy lan pou fè fraz matematik la kòrèk?

- A** 101
- B** 106
- C** 107
- D** 109

- 15** Ki ekspresyon ki egal a  $(31 \times 65) \times 47$ ?

- A**  $(31 + 65) + 47$
- B**  $(31 + 65) \times 47$
- C**  $31 \times (65 + 47)$
- D**  $31 \times (65 \times 47)$

- 16** Madam Spencer mete de pakè sik nan tas kafe li. Ki inite mezi ki **pi bon** pou mezire konbyen chak pakè sik peze?

- A** gram
- B** kilogram
- C** lit
- D** mililit

**17**

Ki tablo Antre-Sòti ki swiv règ anba?

$$\text{Antre} \div 2 = \text{Sòti}$$

**A**

Antre	Sòti
18	9
22	11
26	13
30	15

**C**

Antre	Sòti
18	2
22	6
26	10
30	14

**B**

Antre	Sòti
18	36
22	44
26	52
30	60

**D**

Antre	Sòti
18	9
22	10
26	11
30	12

***Kontinye***

**18**

Chak otobis ki nan lekòl Dan nan kapab pote 37 elèv. Dan estime genyen 400 elèv ki kapab bezwen 12 otobis pou pote yo. Ki ekspresyon ou kapab itilize pou verifye si estimasyon Dan nan rezonab?

- A  $30 \times 10$
- B  $30 \times 20$
- C  $40 \times 10$
- D  $40 \times 20$

**19**

Ki lis ki prezante fraksyon yo nan lòd **pi piti** pou rive nan **pi gran**?

- A  $\frac{1}{2}, \frac{1}{3}, \frac{1}{4}$
- B  $\frac{1}{2}, \frac{1}{4}, \frac{1}{3}$
- C  $\frac{1}{4}, \frac{1}{2}, \frac{1}{3}$
- D  $\frac{1}{4}, \frac{1}{3}, \frac{1}{2}$

**20**

Terrell vle mezire longè koulwa lekòl la. Ki inite mezi ki **meyè** pou Terrell itilize?

- A pous
- B mètr
- C kilomèt
- D santimèt

**21**

De fraz ki anba a dekri kantite chat, chen ak lapen k ap viv lakay Lauren.

kantite chat  $>$  kantite lapen

kantite chen  $<$  kantite lapen

Ki kantite chat, chen ak lapen ki ta ka genyen lakay Lauren?

**A** 4 chat, 3 chen, 2 lapen


**B** 4 chat, 2 chen, 3 lapen

**C** 2 chat, 3 chen, 4 lapen

**D** 2 chat, 4 chen, 3 lapen

**22**


Ki pè figi ki kongriyan?



***Kontinye***

**23**

Nan magazen mesye Clarke,  $\frac{2}{8}$  je linèt ki pou vann yo se linèt solèy.



Ki fraksyon ki ekivalan a  $\frac{2}{8}$ ?

- A  $\frac{1}{2}$
- B  $\frac{1}{3}$
- C  $\frac{1}{4}$
- D  $\frac{1}{6}$

**24**

Marta te ale lakay grann li. Li te rive a 2è30 P.M. epi li te kite a 6è00 P.M. Konbyen tan Marta te pase lakay grann li?

- A 3 zèdtan
- B 3 zèdtan 30 minit
- C 4 èdtan
- D 4 èdtan 30 minit



**25**

Brittany louvri yon ti bwat 20 ons sòs chokola. Li vide 3 ons sòs la sou chak 6 bòl krèm alaglas. Konbyen ons sòs chokola ki rete nan ti bwat la?

- A 1
- B 2
- C 3
- D 6

**26**

Kat elèv genyen kont depay yo. Chak mwa, elèv yo mete menm kantite lajan nan kont depay yo menm jan ak mwa anvan an. Tablo ki anba a montre kantite total lajan chak elèv genyen nan fen chak mwa.

### KONT DEPAY

Mwa	Valè Total Yo Ekonomize (an dola)			
	Kelly	Shawn	Jack	Emily
1	48	44	42	45
2	51	48	48	50
3	54	52	54	55

Si elèv yo kontinye ekonomize menm kantite lajan chak mwa, ki elèv k ap genyen **plis** lajan nan fen 5yèm mwa a?

- A Kelly
- B Shawn
- C Jack
- D Emily

***Kontinye***


**27**

Frank kapab fè 3 fwa kantite redi-monte James fè. James kapab fè 2 redi-monte an mwens pase Stephanie. Stephanie kapab fè 12 redi-monte. Konbyen redi-monte Frank kapab fè?

- A 30
- B 34
- C 36
- D 38

**28**

Yo montre chema yon chan anba a. Yon pati chan an kouvri avèk labou, epi lòt pati chan an kouvri avèk zèb.

**Labou****Zèb**

Ki fraksyon chan an ki kouvri avèk labou?

- A  $\frac{1}{2}$
- B  $\frac{1}{3}$
- C  $\frac{1}{4}$
- D  $\frac{1}{6}$

**29** Mandy te ekri fraz ouvè ki anba a.

$$\triangle > \star$$

$$\star > \bigcirc$$

Si toulède fraz ouvè Mandy yo vrè, ki fraz ouvè ki vrè tou?


**A**  $\bigcirc < \triangle$

**B**  $\star < \bigcirc$

**C**  $\bigcirc > \triangle$

**D**  $\star > \triangle$

**30** Leslie dwe trase yon oktagòn nan devwa li. Leslie trase 2 segman dwat yo montre anba a anvan pwent kreyon li kase.



Konbyen lòt segman dwat Leslie dwe trase pou li konplete oktagòn lan?

**A** 2

**B** 3

**C** 4

**D** 6

**RETE LA**



**Ane 4**  
**Egzamen Matematik**  
**Liv 1**  
**3–7 mas 2008**

**Grade 4**  
**Mathematics Test**  
**Book 1**  
**March 3–7, 2008**